Ассаламу гIалайкум!

# ЩIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул
22 апрель
РУЗМАН

№ 16
(7399)

Газета бахъизе
байбихьана
1937 соналъул
1 декабралда

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Росдал магIишаталъе - цебетIей**

## Ракьалъе хважаинлъи гьабизе ккола гьеб хIалтIизабулез

**Шаваялда тIобитIана районалъул росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул форум**



Араб рузман къоялъ Шава росулъ тIобитIана районалъул росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул форум.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна Дагъистан Республикаялъул БетIерасул МугIрузулаб территориалияб округгалъул вакил ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас, «ДРялъул Минмелиоводхоз» ФГБУялъул директор Залкип Къурбановас, «Дагъавтодоралъул» нухмалъулесул тIоцевесев заместитель МухIамад ТIагьировас, Дагъистаналъул росдал магIишаталъул министрасул заместитель Шагьмир БахIарчиевас, ДРялъул пачалихъияб буголъиялъул министрасул заместитель Сурхай Сурхаевас, Дагъистаналъул ветеринарияб лабораториялъул директорасул заместитель АсхIаб ГIабдуразакъовас, Дагъистаналъул сахлъи цIуниялъул министрасул заместитель ХIажимурад Мирзабеговас, районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовасул бетIерлъиялда гьоркь районалъул администрациялъул аппараталъул хIалтIухъабаз, гьединго магIишатазул нухмалъулез ва фермераз.

Дагъистаналда территориалияб округал гIуцIиялъул мурад кколин халкъалдаги тIалъиялдаги гьоркьоб бугеб вакуум тIагIинаби,-ян байбихьана ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас форум рагьулаго, жиндирго кIалъай.

-Республикаялъул тIалъиялде Рамазан ГIабдулатIипов вачIаралдаса нахъе гьеб суал дагьаб роцIана.

Исанасеб сон Дагъистаналда лъазабун буго мугIрузулаб Сонлъун. Гьеб гьадингосеб тадбир кколаро. Гьелъул аслияб мурад ккола гIемер соназ рехун тарал, нилъер умумуз гIакъуба-захIмат бихьун, газа-белалъ рухьун, рекьун, хIалтIизарулел рукIарал ракьазде дагъистаниязул кIвар буссинаби, ракьалъ инсан хьихьулеблъи гьезда ракIалде щвезаби. МугIруздаса байбихьула кинабго лъикIабщинаб. Нилъеда мугIрул кIочон тани, кIочон тола арабги букIинесебги. Экономикияб кризисалъул заманалда Дагъистан цебетIезабиялъе аслияб рeслъун ккола росдал магIишат. ГьабсагIат республикаялда буго чIара-хьараб хIал, гьеб гьедин гьечIони, букIунаро нилъер социалиябгун экономикияб цебетIейги. Жакъа нилъеца рекьарал хурзазгун хьихьараб гIи-боцIуца чидае гуреб, нилъеего кьола пайда-хайир. ХIалтIе гурун гьуждулгун нилъерго цебетIеялъе гIоло. Нилъ БетIергьанас гIуцIарухъанлъиялъе рижизарун руго, хьачагълъиялъе, гурел. Ракь буго гIумрудул аслу, гьеб букIине ккола гьелде рокьи бугезухъ ва ракIунтун гьеб хIалтIизабулезухъ,-ян абуна Дагъистан Республикаялъул БетIерасул МугIрузулаб территориалияб округгалъул вакилас.

Хадуб росдал магIишат цебетIезабиялда хурхун церечIарал масъалабазул бицун кIалъазе вахъана АнвархIажи Вечедов.

-ТIалъиялъул масъалабазул аслияб буго халкъгун цадахъ лъугьун, гьезухъ гIинтIамун хIалтIи,-ян байбихьана Шагьмир БахIарчиевас жиндирго кIалъай. -Жакъа нилъер бугеб боцIиги бичун, цебетIезабизе ккола тайпадулаб гIи-боцIи хьихьи. Гьелъие хIажат руго гьан ва рахьдал нигIматал къабул гьарулел яги къачIалел пунктал рагьизе. Пачалихъияб кумек гьечIого ракьал хIалтIизариги гIи-боцIухъанлъи букIинаро пайдаяблъун. Пачалихъалъ жакъа кумек-тIалаб гьабулеб буго росдал магIишат цебетIезабулел гIадамазул.

Ракьал хIалтIизаризе гIарцулал сурсатал гьечIин абун, гьел рехун тезе лъилго ихтияр гьечIо. Гьаб финансазулаб кризисалъул ва къватIисел улкабазул санкциябазул заманалда, дагьабги лъикI ккана нилъерго магIишат цебетIезабиялъул рахъ хIисабалде босани. Пачалихъалъ гIарцулал сурсатал риччалел руго ракIбацIцIадго росдал магIишаталда хIалтIулел гIадамазе, амма щибго магIишатги гьечIого, гьересибаяналги хьван пачалихъ гуккизе лъугьунел рахъизе ккола. Нужер районалъул куратор хIисабалда, дица бажарараб кумек гьабила гьеб рахъалъ фермеразе,-ян ахир лъуна гьес жиндирго кIалъаялъе.

Форумалда кIалъазе рахъарал цогидалги гIахьалчагIаз бицана республикаялъул тIалъиялъулги, министерствабазул хIакимзабазулги хIалтIи балагьизабураб букIине кколин ракь хIалтIизабулесул ва гIи-боцIи хьихьулесул захIмат кIодо гьабиялде, гьезие квербакъиялде, хасго нилъер Дагъистан гIадаб, лъикIал бачIинал кьеялъе тIабигIиял шартIалги ругеб республикаялда. Гьединго гьез загьир гьабуна жидер рахъалъан районалъул боц1ухъабазегун хурухъабазе бегьараб кумек гьабилин.

Районалъул бет1ерас баркалаялъул кагътал кьуна цо-цо СПКязулгун КФХязул нухмалъулезе ва республикаялъул идарабазул вакилзабазе.

Данделъиялъул ахиралда ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовгун Шагьмир БахIарчиев гIенеккана фермеразул суалазухъ ва гьезие жавабалги кьуна.

Форумалъе хасаб берцинлъи кьуна Шава росдал гьоркьохъеб школалъул директорасул заместитель Сидрат НургIалиевалъул нухмалъиялда гьоркь цIалдохъабазул музыкалияб цatерахъиналъ.

Гьединго ДРялъул тIалъиялъул вакилзаби щвана фермер ХIабиб СилахIудиновасул гIи ва гIиял ферма бихьизе, гьаруна гьесие малъа-хъваялги.

**ГI. Малачдибиров**



Ракьцоялгун дандчIвай

# А-ХI. Вечедов: «Нилъ кирго цIумадиселлъун хутIула»

**Районалъул бетIер дандчIвана Муцалаул росдал жамагIатгун**

Араб шамат къоялъ Хасавюрт районалъул Муцалаул росулъ гIумру гьабун ругел цIумадиселгун дандчIвана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов.

ДандчIваялъе кквербакъана гьеб росдал администрациялъул бетIер Хазанат Юсуповас.

Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналъул миллияб политикаялъул министерствоялъул Управлениялъул нухмалъулев МухIамад Даитбегов ва Дагъистаналъул муфтиясул заместитель МухIамад МукIушдибиров.

Гьалбадеридехун вуссун, саламалъулаб кIалъаялдалъун данделъи рагьана Хъазанат Юсуповас ва росдал жамагIаталда баян гьабуна районалдаса гьалбадерил сапаралъул мурад, бицана дагъаб цебе Хасавюрт шагьаралда гьединабго дандчIвай Гьизляр, Бабаюрт, Хасавюрт ва Гъизилюрт районазда гIумру гьабун ругел цIумадисезул росабазул бегавулзабазулгун тIобитIиялъулги.

-Къисматалъ кире нилъ рачаниги, нилъ кидаго цIумадиселлъун хутIула. Нилъ гIемерал руго республикаялъул ва улкаялъул ракьазда рикь-рикьун. Гьеб ккоаро нилъ кутакаб къуват бугин аби ва нилъ чIухIизе ккараб хIужа. Нилъер къуват букIине буго цолъиялъулъ ва гъункиялъулъ. Амма гьеб рахъ дагьабго рекъдулеб буго нилъер. Нилъ цолъизе ккола ва республикаялъул БетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул лъавукълъи тIагIинабиялде ва жамгIиябгун халкъалъул разилъи букIинабиялде балагьизабураб политикаялъул рахъги ккезе ккола,-ян абуна дандчIваялда кIалъазе вахъарав районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас ракьцоялгун гьединал дандчIваял тIоритIиялъул кIваралъулги бицунаго.

-Нилъеца нилъерго ракьцоялгун тIоритIизе ккола пайдаял дандчIваял, букIине ккола нилъедаго гьоркьоб лъикIал ишазде ахIулеб мушавара. Дагъистаналъул Муфтияталъ исанасеб сон лъазабун буго лъикIал ишазулаб сонлъун. ЖамагIатазул ва гIадамазул киналго суалал нилъеца рорхизе ва тIуразе ккола цоцахъ гIинтIамун, гIодоре риччан, гьелъул бугеб кIваралъухъ балагьун.

Вагьабизмалъул идеология республикаялда дагьабго гIодоцанин абизе бегьула. Гьеб рахъ цебехун инчIеб мехалъ, гьелъул рахъ ккураз ратулел руго гIадатияб халкъ цоцалъ базе цогидал къагIидаби. Гьединлъидал дир гьари буго киназдего, гIакьилал умумуз абухъе, гIакълу цебе, щин нахъеги ккезабун, гIодориччан, цIодорго рукIаян,-абуна МухIамад МукIушдибировас.

Гьаб залалда рихьулел руго цереккун магIарухъ росабазул администрациябазе нухмалъи гьабулел рукIарал гIолохъаби. Гьезда лъала кинал захIмалъаби дандчIвалел росдал бегавуласда халкъалъе хъулухъ гьабулаго. ЛъикI букIинаан гьел гIолохъабигун ва росдал имамзабигун цадахъ лъугьун жамагIат росдал администрациялъул бетIерасда сверухъ гъункани. Гьеб мехалъ цебехун ина росулъ гIадамазул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялда хурхун гьабулеб хIалтIи,- ян абуна райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевас.



МухIамад Даитбеговас жиндирго кIалъаялда кIвар буссинабуна гIун бачIунеб гIелалъе рухIияб тарбия кьезе ккеялде ва цIумадисел кир ругониги цолъиялде.

ДандчIваялда гьединго кIалъазе рахъана Муцалаул росулъа И.Камилов, М.МухIамадов, М.МикагIилов, Агъвали мажгиталъул имам С-ХI. ПирмухIамадов, ЦIумада райсобраниялъул депутат М.Жаватханов.

ДандчIваялъул ахиралда кIалъазе вахъарав Муцалаул росдал авал мажгиталъул имам ТIадхъварщиниса МухIамад-Анварица баркала загьир гьабуна АнвархIажи Вечедовасе пайдаяб дандчIваялъухъ, ва бихьизабуна гьадинал тадбиразул аслияб мурадлъун кколеб ракьцоял-цIумадисел цолъи ва гъунки, нилъер социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъе аслиял шартIазул цояблъун кколин.

ГI.Малачдибиров

# ЦохIо ветеринариял врачазда бан, хIалтIи тезе бегьиларо

Бруцеллез ккола рахунел унтабазул цояб. Гьелъ унтула рукъалъул ва гIалхул хIайванал, гьединго гIадамал. Бруцеллезалъул ва цогидал рахунел унтабазул районалда бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ районалда бугеб ветеринарияб управлениялъул нухмалъулей ПатIимат Маликовагун гара-чIвари гьабуна нижер мухбир М. Къасумовас

**ПатIимат кинаб ахIвал-хIал бугеб гьабсагIат районалда рахунел унтабазул?**

Рахунел унтабаздаса нилъехъ магIарухъ буго цохIого цо бруцеллез. Араб соналъ I2 азарго хал гьабураб боцIудаса 39 батана бруцеллезалъ унтараб. Исана хал гьабураб лъабазарго чIегIер боцIудаса лъабго бетIер батана унтараб ТIинди росулъ. Бруцеллезалъул халгьабиялда цадахъ нижеца гьарула сибирская язвалда данде уколал. .

**-Араб соналъ гIемер бицана данделъабазда рахунел унтабазул хIакъалъулъ. Кинал хаси-басиял ккарал гьелдаса нахъе?**

-ХIасилал лъикIал руго. Араб соналъ 39 бетIер тIатун батани унтараб, исана ракIалде ккола гьеб тарих жеги дагьаб букIинин. Риидал ТIинди магIарда лъабазарго хIайван чIегIер боцIул бачIуна. Гьелги рачIуна лъицаниги хал гьабичIого, гIемерисеб боцIи бачIуна машинабаз. Гьелда хадуб хал ккезе нижеда бажаруларо. Гьелъул ургьел гьабулел районалда цохIо нижер специалистал гурони рукIунаро. Гьелъ районалда тIубанго бруцеллез тIагIинабизе нижер рес рекъолеб гьечIо. БоцIи бачIунеб буго цохIо ТIинди гуреб, цогидалги росабазул мучIдузде: Хъварщи, Хонохъ, Хъвайни, Сасикь, Кьеди. Гьеб рахъалъ хьул кидаго букIуна полициялъул посталде ругел хIалтIухъабазда ветеринарияб справка гьечIеб боцIи гьез районалда биччаларин.

**-Кинаб ахIвал-хIал бугеб районалда чIегIер боцIиялда нодулярияб дерматит абураб унтиялъул?**

-Нодулярияб дерматит абураб унти букIана Шаваялда ругел нилъер магIишатазул боцIуда. Араб соналъ гьеб унтиялъ октябрь-ноябрь моцIазда хвана I40 бетIер чIегIербоцIул. Россиялда тIоцебе гьеб унти баккана Дагъистаналда, гьединлъидал нилъехъ гьечIо гьелда данде гьабулеб вакцина. Гьеб унти нилъехъе бачIана Азербайджаналдаса ва ЛъаратIа районалъул боцIудаса. Нижеда гьабеян абураб вакцина нижеца боцIуе гьабуна. Гьелъ батIаго лъикIал хIасилал кьечIониги, унти дагьлъана. Гьанже дунял хинлъидал лъазе руго гьелъул хIасилал. Нодулярияб дерматит нилъехъ магIарухъ жеги баккун гьечIо, гьеб буго гIицIго гIатIиракьалда, амма магIарухъги баккизе ва тIибитIизе бегьула гьеб нилъехъе бачIунеб боцIи хал гьабичIого тани.



**-Жакъа къоялдеги районалда райцентралда ветлаборатория рагьун гьечIо. Щай гьеб суал жеги рагIалде бахъун гьечIеб, сунда бан гьеб рагьичIого хутIун бугеб?**

-Нижеда бараб гьениб щибниги гьечIо. Гьеб бараб буго районалъул администрациялда ва гьеб баялда тIад хIалтIулезда. Нижеда бицаралда рекъон, хутIун руго гIисибикьинал хIалтIаби. Гьел лъугьаралго ниж хIадурал руго хIалтIизе. РакIалда буго апрель моцIалдагIаги гьеб хIалтIи рагIалде бахьилин.

**-Кинал квекIенал дандчIвалел росабалъ профилактикаялъулал хIалтIаби гьарулаго? Росабазул бутIруз кумек гьабулищ нужее?**

ГIемерисеб мехалъ къаси сордо бащалъизегIанги хIалтIизе ккола нижер хIалтIухъаби росабалъ шартIал гьечIольиялъ. Росабалъ хIажалъула унтараб хIайван батIа гьабун, гьезул гIадлу гьабизе бихьизабураб бакI. Гьел шартIалги рукIинаризе ккола цивав бегавулас, сонаийлго букIуна гьеб квекIен. Районалдаго кIиго-лъабго росу буго гьел шартIал чIезабураб. Сонидаса-сониде щибго хисулебги гьечIо, гIемерисел боцIул бетIергьаби рукIуна ригь арал, жалго цохIо яшав гьабун ругел, гьезда кIоларо кинабго боцIуе гIадлу гьабизе. Нижер хIалтIухъабазда тIадаб гьечIо жидеда тIалъулареб хIалтIи гьабизе, рес къотIиялъ нижецаго гьарула гьел хIалтIаби. БоцIи жанибе гьезе хасаб бакI букIарабани, къоялъ цо росдал боцIи хал гьабун лъугIилаан.

Руго гьеб рахъалъ хIалтIи лъикI гIуцIулел росабазул администрациябазул бутIрулги. Гьединаздаса рехсезе бегьула цеве бегавулъун вукIарав Лъондодаса Идрисов МухIамад, Сасикьа Набигулаев Заур ва Гьигьалъа ГъазимухIамадов Рабадан, КIочIали росдал администрациялъул бетIерасул заместитель ХIажиев Сайпудин.

**-Росабалъ ругел гIадамазул кинаб бербалагьи бугеб гьарулел профилактикиял хIалтIабазде? Гьез гьабулищ нужее кумек гьеб хIалтIуль?**

-Руго гIадамал нижеца гьарулел хIалтIабазде данде чIаралги. Руго гьединго, жалго нижехъе рачIун, профилактикиял хIалтIаби тIоритIизе нижее кумек гьабулелги.

**-ГьабсагIат нужеда цере чIарал масъалаби кинал?**

ГьабсагIат тIадран унел руго би бахъиялъул ва унтабазде данде уколал гьариялъул хIалтIаби.

Россиялъул росдал магIишаталъул министерствоялъул амруялда рекъон нижеда тIадаблъун гьабун буго гьарурал хIалтIабазухъ мухь бахъизе бюджеталъе.

Ветеринарияб идараялъул мина райцентралдаса гIезегIан рикIкIад бугониги, гьез тIуралел хIалтIаби цере лъурал гIадин рихьулел руго. Гьеб бихьула къаси-къад балагьичIого жидерго ишалда ругел ветеринаразул хIалтIудаса. Халкъ бруцеллезалдаса ва цогидалги гIи-боцIуда рахунел унтабаздаса цIуниялъе хъаравуллъуда ругел гьезул хIалтIи жавабияб буго. Инсаниятиялъулго хIалтIухъабиян гIадада абуларо гьезда.

**-ПатIимат, баркала гара-чIвариялъухъ.**

М. Къасумов

Нижер гара-чIвари

# С-ХI. МухIамадов: «Квешал пишабазде машгъуллъизе заман букIунаро».

Анлъабилеб сон буго СаидхIусен МухIамадовасул ТIинди росдал администрациялъе нухмалъиялда. Гьал къояз хъулухъалъ редакциялде щварав СаидхIусение цо чанго суал кьуна нижеца.

-СаидхIусен, ракIунтун росдае нухмалъи гьабулев чи мун вукIинчIевани, кIиабизеги дуда божилъи гьабиларо тIиндадерица.

**Кинаб ахIвал-хIал бугеб жакъа къоялъ Т1инди росулъ?**

ТIинди ккола 15 цоцадаса рикIкIад бугеб кулиги кIиго росуги жанибе бачараб 1100 гIунтIун цIаракиги бугеб, районалда бищун кIудияблъун кколеб росу.



Районалъул тIалъиялъ кидаго рехун течIо тIиндал. Цеве вукIарав нухмалъулев МухIамад Камиловги гIемер щолаан нижехъе, цIивщарав АнвархIажи Вечедовги дагьав цеве щун вукIана росулъе ва щибаб бакIалде живго щунги администрациялъул аппаратальул хIалтIухъаби ритIунги рагIа-ракьанде щун хал гьабуна росулъ бугеб ахIвал-хIалалъул, дандчIвана росдал жамагIатгун. Росдал бугеб гIузру-хIажалъиялъул бицун, дунги гIемер щола гьесухъе, мурад тIубачIогоги хутIуларо.

**-Нужер бакI буго туризмалъул, росдал магIишаталъул (ахихъанлъи-хурухъанлъи ва боцIухъанлъи) рахъал церетIезаризе рес бугеб. Кинха бугеб гьеб рахъ жакъа къоялда?**

-Кидаго рукIана тIиндал росдал магIишаталда гIумру бухьинаруралълун. Гьезда лъикI лъала ракьалъ инсан хьихьулеблъи. Кидаго букIана тIиндадерил хIан багьаялда. Москваялде халкьияб магIишаталъул цебелъеялдацин хIурматалъул грамотаялъе мустахIикълъана гьеб «бренд России» номинациялда. ГIи-боцIухъанлъи ва хурухъанлъи ккола тIиндадерил аслияб магIишат. ТIиссиахикьазул буго ахихъанлъиягун хурухъанлъи. Ахирал соназ республикаялъул БетIерас церелъурал масъалабиги тIуралаго, лъалаго цIикIкIана росулъ рекъулел ракьазул ва чIарал пихьил ахазул къадар. Туризмалъул рахъ босани, гьеб цебетIезабизеги рес буго. ТIабигIат берцинал бакIал руго нижер. Буго нижехъ ччугIа ккезе ресги, гьекъезе даруяб лъимги. Республикаялъул цо-цо бакIазда ралел руго гьалбадерие рукъзал бакIалъул гIадамазе гьалбадерил рахьалъ квекIенал-санагIатбахъи рукIичIого рукIиналъе. Гьобол рихарасул бокьоб гIазу байилан абухъего, щибав тIиндисев хIадур вуго росулъе рачIарал туристал-гьалбал жидерго рокъор къабул гьаризе.

Амма гьеб киналъего хIажалъула гIадамазул гIумруялъулъ хIинкъи гьечIолъи букIинаби. Гьеб дагьаб хIалуцараб гIадаб букIиналда бан, росулъа ва район бахун къватIиса инвестораз бутIа лъолеб, кверчIвалеб гьечIо росдал экономика цебетIеялда.

**-Гьаригъункккун рачIана нилъ гьеб суалалдеги. Кин бугеб гьабсагIат росулъ ахIвал-хIал? Ругищ терроризмалъул рахъ кколел, динияб лъай тIалаб гьабизеян багьанаби ратун, къватIире унел гIолилал?**

-ГьечIо нижер росулъ гьединал чагIи, гьелъул гIаксалда, терроризм какулел гурони. ГIелму тIалаб гьабизеян багьанаби ратун, ИГИ-Лалда рагъулел гIолохъабиги нижер гьечIо. ГIелму тIалаб гьабизеги кирго цIар тIибитIарал гIалимзабиги, гIурал ресалги шартIалги ругел диният цIалул идарабиги нилъехъго руго, Сирияде щвезегIан инчIониги. «Рохьилазул» кьерулъ нижер чи гьечIолъиялдасаги рохарал руго ниж.

**-Гьеб кколаха гIолилазулгун гьабулеб хIалтIул хIасил?…**

-Гьеб ккола рокъоб эбел-инсуцаги школалдагун мадрасалда мугIалимзабазги лъималазе кьолеб тарбияги, лъималазул бичIчIи буголъиги, гIолилазулгун гьабулеб хIалтIул хIасилги. Цоги росабалъги батила гьединго, амма дица абила нижер лъималазул квешал пишабазде машгъуллъизе заман букIунарин абун. Киназдаго лъала тIиндал «порол магналтал» рукIинги. Ихдалил байбихьуда, кигIанго цIалуегун лъай босиялъе мукъсанлъи кколеб бугониги, жидерго лъималги рачун, тIиндал уна пер ва цогидалги бахчадулал нигIматал рекьизе район ва республика бахун къватIире. Октябралда гурони рокъореги руссунаро. Эбел-инсуда цадахъ хIалтIула лъимал хурзабахъ. Гьеб цо рахъалъ лъикIги буго, гьитIинго захIматалде, хIалалаб гъурщиде лъимал куцай.

Росулъ ругелги кулабазде уна рииялъ гIачи речIчIун, хурзал рекьун, магIишат гьабизе.

Бегавул хIисабалда, дицаги гьарула гIолилазулгун гара-чIвариял полициялъул участковыялги гIахьал гьарун, щибаб рузманалда росдал дибирасги гьарула вагIза-насихIатал.

**-Кинабго битIун бугин тIиндадерил абун ракIалде ккела газета цIалулезда. ГьечIищха росулъ гIузруго?**

-Спорталдехун цIайи буго гIолилазул. Гьелъие гIурал шартIал гьечIо росулъ, цохIо спортзал букIин гуреб, гьебги хасало хин гьабулареб. Росдал клубги гIемер соназ рехун тун буго, капиталияб ремонт гьабизе ккараб букIун. Гьаб заманаялъги клуб щибизейилан ахIдолезда абила, росдал кинабгIаги тадбир-дандчIвай гIобитIизе санагIат букIинеян. Цебегоялдаса борхулеб суал буго росдал школалъул минаялъул. Минаги бана, жанисел хIалтIабиги рагIалде рахьана, амма цоцо ричIчIуларел багьанаби кьочIое рачун, добго къваридаб школалда кIиго сменаялда цIалулел руго лъимал. Гьелъулги бицинароан, школа цIияб минаялде бахъиналъухъ балагьун чIараб 50 лъимер хIалихъе хIебтIараб лъималазул ах букIинчIебани.

Нухазул суал роцIараб бугин абила. Щибаб колоде буго машинадул шагьранух. Гьеб цохIо дир гуреб, цевеккун вукIарав росдал бегавуласулги хIалтIул хIасил.

Гьединго бачун буго щибаб рокъобе лъимги. Канализациялъул лъабго мухъ буго. КIиго цебеккунго бачараб, цо гьанже нахъе бачараб. Кисакибего гIадин, гIолилазе хIалтIи гьечIолъи буго нижергги унтараб суал. 70 процент гIолохъабазул уна сезоналъулал хIалтIабазде. Цебеккун дица абухъе, я хурзал рекьун, яги ралел бакIазде.

Росу социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIезабиялда гьарурал хIалтIабазул бицинаро. Абила цохIо, щиб гьабизе нигат дир бугониги, росдал жамагIаталъ цолъун ва гъункун, цо чи гIадин, къватIире рахьун, рахъ кколин дир пикруялъул абун. Бокьун буго гьезие баркала загьир гьабизе.

Росдал гурел, районалъулго гIолилаздаги абила, захIматалъ куцалин инсанилан. Рохьахъги рахчун, хIамабагьадурлъи гьабулел рукIинчIого, сверухълъиялдаго цIар тIибитIарал умумузул унго-унгоял ирсилал хIисабалда машгъурлъизе кколин абун. Дагьал гьечIелъулха нилъер мисал босизе бегьулел гIадамал.

**-СаидхIусен, баркала гара-чIвариялъухъ.**

**Х.Залимханова**

# Дагъистаналъул рохьил магIишаталъул хIалтIухъабазул росабазул имамзабазде ХитIаб

Россиялда анцIгоялда гьоркьоса микьго цIа рохьоб ккола изну гьечIого гIалахалда бугеб чIахI бухIиялдалъун, гьединго рохьоб хIажат гьечIого бакIалда цIодорлъи гьабичIого бакараб цIаялдасан. ГIемерисеб мехалъ гIалах бухIула цIаялъул хIал лъаларел гIадамаз, цIунизе кколел къагIидабиги цIуничIого. Ургъелги гьабичIого цIаял раккиялъул хIасилалда цIа бачIуна гIадамазул рукъзабахъе, жамгIиял бакIазде ва рохьазухъе. Щибаб соналъ изну гьечIого гIалахалда лъураб цIаялъ рухIула рохьал, гьабула тIабигIаталъе кIудияб зарал. ЦIа ккеялъул хIасилалда рухIула рукъзал, хола тIабигIаталъул сипат, гIадамазе хIажатабщинаб къиматаб жо, гьаваялда чIола кIкIуйдул хIуби, гьеб бачIуна росабалъе. ГIадамазе хIухьел цIазе захIмалъула, гьеб халат бахьани, гьуърул унтизе бегьула, гьединал къварилъаби ккола нилъер гIадамазул бугеб мекъаб пикруялъул хIасилалда. ГIадамазда ракIалде кколеб буго гIалах бухIани, гьеб бакIалда цIияб хер лъикI бижулин. Гьелъул гIаксалда, бакъвараб хер бухIун хадуб, нилъеца тIабигIаталъе гьабула бецIун хIал кIолареб кIудияб зарал.



ГIалахалда лъураб цIаялъ тIагIине гьабула хIутI – хъумур, тIегьалъе гьечIого гIоларел, хIанчIазул бусабигун ханал рухIула. ЦIаялъул хIасилалда хола ракьалъе хIажатал, пайдаял ракьулъ рукIунел, ракь беэн гьарулел ва гьветIрохьалъе бижизе квербакъи гьарулел цIакъго гIисинал хIапараби.

Россиялъул къануналда рекъон изну гьечIого гIалахалда цIа бакун, бакъвараб хер бухIун рохьазда цIа унеб хIал ккезабурал гIадамазе, къвакIараб тамихI гьабула.РФялъул КоАПалъул 8.32 статьяялда рекъон гIадамазда лъола кIиазаралдаса щуазар гъурщиде щвезегIан гIакIа, хъулухъ чиясда - анкьазаралдаса–кIикъоялда анцIазар гъурщиде щвезегIан, учреждение-организациялдаса (юридическое лицо) –кIикъоялда анцIазаралдаса – цо миллион гъурщиде щвезегIан. Гьединго цIазе бегьула уголовнияб тамихIалдеги. РФялъул УКаялъул 261ст. рекъон ( гIакIа къотIула – 250000 – 400000 гъурщиде щвезегIан, яги микьго сониде щвезегIан туснахъ гьавула).

Рохьазда цIа ккечIого букIиналъе гIоло, гIалахазда лъураб цIаялъул хIасилалда ва цIодорлъи гьабичIого рохьоб цIа бакичIого букIиналъе гIоло, гIадамазда гьоркьоб рохьил хIалтIухъабаз гьабула бичIчIикьеялъулаб хIалтIи «Сельхозпалы – Под контроль» абураб ахIиялда гьоркь.

Исана Дагъистаналъул рохьил магIишаталъул комитеталъ ва Дагъистаналъул «лесопожарный централъ», цадахъго бакIазда ругел рохьил магIишатаз гIалахал рухIи гьукъиялъул мурадалда гьарулел руго гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIаби, гьукъараб къагIидаялъ бакъвараб хер бухIиялдалъун кколеб заралалъул бицун. «Сельхозпалам полный запрет» абун хъварал игIланал тIиритIизарун руго гIадамазда гьоркьор. ГIемерал гIадамал ракIарулел бакIазда чIван руго кагътал, суратал, гьукъараб къагIидаялъ гIалахалда цIа бакани букIунеб зарал, ва цIа гъуразе гьабулеб тамихI хъварал жал.

РГВК телевидениялъул каналалдасанги гIадамазде ахIи балеб буго цIаялда аскIор цIодорго рукIине ккей бичIчIизабун рихьизарулел видеороликазги.

ХIурматиял имамзаби!

Нужецаги нужерго гьабулеб бугеб хIурматги, гIадамазда гьоркьоб бугеб къадруги-къиматги хIисабалдеги босун, лъикIаб букIина гIадамазе гIалах бухIиялъул букIунеб мунагь – хIакъалъул, заралалъул бицун вагIзаби гьаруни.

**Дагъистаналъул рохьил магIишаталъул хIалтIухъаби.**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор ГI. МАЛАЧДИБИРОВ

Жавабияй секретарь Х.ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакцияльул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цlумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «Цlумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакцияльул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТяльул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакцияльул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизару-рал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302
Тираж -1780
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гьулбасизе ккolaaн 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гьулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## О Банке данных исполнительных производств

Каждый житель республики самостоятельно может узнать о своих долгах с помощью информационного ресурса «Банк данных исполнительных производств», размещенного на официальном сайте УФССП России по Республике Дагестан.

Данный сервис позволяет гражданам или юридическим лицам получать информацию о наличии или отсутствии в отношении них возбужденных исполнительных производств, распечатать квитанцию об оплате или оплатить задолженность без комиссии с помощью платежной электронной системе 0I\ УI. Для этого потребуется зайти на официальный Интернет-сайт Управления и открыть «Банк данных исполнительных производств». В этом разделе указывается фамилия, имя и отчество для физического лица, а для юридического лица указывается названия и место регистрации в ИФНС (например, Республика Дагестан). Дата рождения для физического лица не является обязательной для заполнения, но в случае совпадения данных позволяет проводить более точную идентификацию. Данный ресурс также популярен в разработанных Федеральной службой судебных приставов приложениях для социальных сетей мобильных устройств.

Управление Федеральной службы судебных приставов по Республике Дагестан рекомендует гражданам и представителям юридических лиц,обнаруживших себя в банке данных исполнительных производств, обратиться непосредственно в отдел судебных приставов по Цумадинскому и Цунтинскому районам УФССП России по Республике Дагестан.

**А. Гасанов, заместитель старшего судебного пристава по району**

## Фермеразе баяналъе

МахIачхъала шагьаралъул администрациялъ лъаза-булеб буго, Дагъистан Республикаялъул бетIер Р. ГIаб-дулатIиповасул тIадкъаялда рекъон, росдал магIишаталъул продукция бичизе фермеразе бакIал чIезарун ругин шагьаралъул кIиабилеб базаралда, «Южный» базаралда, ООО «Возрождение» («Кавказ» федералияб трассаялда) «Северный» базаралда (Ленинкент поселокалда).

«Возрождение» ва «Северный» базаразда чIезарун руго автомашиназдаса ва столаздаса даран гьабизе шартIал. Базаразул нухмалъулезда тIадкъан буго фермеразе ва жалго бетIергьанаб кумекалъул магIишаталъул бетIергьабазе квал-квал гьечIого, гьезие дармие бакIал рихьизаризе.

## Объявление

**29 апреля 2016 года в 10 часов состоится 5-я сессия 6-го созыва Собрания депутатов муниципального района «Цумадинский район» с повесткой дня:**

1.О сложении полномочий депутатов Собрания главами поселений.
2.О признании полномочий депутатов
3.Выборы председателя Собрания депутатов МР «Цумадинский район»
4.Выборы зам. председателя Собрания депутатов МР «Цумадинский район»
5.Выборы членов и председателей постоянных комиссий
6.Выборы членов Президиума районного Собрания
7.Отчет начальника отдела сельского хозяйства и земельных отношений администрации МР «Цумадинский район» по организации работы СПК по эффективному использованию земельных угодий
8.Об итогах исполнения консолидированного бюджета МР «Цумадинский район» за 2015год.
9.Об итогах исполнения бюджета в администрациях сельских поселений в 1 квартале 2016 года.
10.О внесение изменении в консолидированный бюджет МР «Цумадинский район» на 2016 год.
11.О внесении изменений в положение «О дорожном фонде МР «Цумадинский район»
12. Об утверждении положения об общественном Совете по работе среди женщин МР «Цумадинский район».
13.О заявлении председателя контрольно-счетной палаты МР «Цумадинский район».

## Б а р к у л а



Нилъер ракьцояв АхIмаднабиев СайгидахIмад восун вуго Российалъул хъвадарухъабазул Союзалъул членлъун, гьединго гьев ккола Россиялъул журналистазул Союзалъул членги.

Гьеб хIурматияб цIарги баркулаго, районцояз гьарулеб буго СайгидахIмадие щулияб сахлъи, кьалмил бегIери ва гIужилаб каламалъул кополал харбазул цIи-цIиял асаразда лъун цIалдолел рохизари.

Райадминистрациялъул аппаратальъ ва районалъул Собранияльул депутатаз зигара балеб буго МухIамад ГIабдурахIимовасда гьесул эмен

**ГIабдурахIим**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесул мунагьал чураги, рухI иманалда бахъун батаги.

Райадминистрациялъул аппараталъул ва районалъул Собранияльул депутатаз зигара балеб буго Метрада росдал администрациялъул бетIер МухIамадида гьесул эбел

**Тайбат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьей ахираталъул лъикIлъабаздалъун йохизаюн ятаги.

Райадминистрациялъул аппаратальъ ва районалъул Собранияльул депутатаз зигара балеб буго Гьоркьхьварщини росдал администрациялъул бетIер Мустафада гьесул эмен

**СаидгIали**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесул мунагьал чураги, рухI иманалда бахъун батаги.

Гьигьалъ росдал гьоркьохьеб школалъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго МухIамадкеримов ТIалхIатида гьесул вац **ХIайбула**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев ахираталъул лъикIлъабаздалъун вохизавун ватаги.

Районалъул ветеринарияб управлениялъул хIалтIу-хьабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго МухIамадкеримов МухIамадида гьесул вац **ХIайбула**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесие Алжан насиб гьабеги.

Пачалихъалъул учреждениябазул хIалтIухъабазул профсоюзалъул райкомалъ зигара балеб буго ГIабдурахIимов МухIамадида гьесул

**эмен ГIабдурахIим**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хварасул рухI иманалда бахъун батаги.

ХIайбула МухIамадкеримовасе Аллагьасул къадар щвеялда бан зигараялъе рачIаразе ва рачIине данде ккечIого, телефоналъ зигара баразе гьесул хъизан-лъималаз ва гIагарлъиялъ кIудияб баркала загьир гьабулеб буго.

Аллагьас гьезул зиярат къабул гьабеги, гьездаса Аллагьги разилъаги.

Гьоркьгьаквари росулъ 1972 соналъул 30 октябралда гьаюрай МухIамадова Аминат ГIабдулатIиповналъул цIаралда Россиялъул экономикияб цебетIеялъул министерствоялъул Болъихъ бугеб росреестралъ 2014 соналъул 28 апрелалда кьурал 05-АА-811772 (ракьул участок) ва 05-АА-811773 (мина) хъвай-хъвагIай гьабурал документал (зеленкаби) рилун руго.

Гьел жакъа кьоялдаса нахъе хIакъикъиял гурелльун рикIкIуна.